



**PWOSÈ VÈBAL SEYANS DEKOUT
KOMINOTE GWROUP ENTÈVANSYON EGZAMEN ADMISYON NAN
LEKÒL YO**

samedi 13 mars 2021

Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon Lekòl Komite Boston School te fè yon seyans dekout kominote adistans 13 Mas 2021 a 10 a.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou eleman ki enimerè anba yo, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye imel feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Boston School la nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo ki Prezan: Ko-Prezidan Michael Contompasis, Ko-Prezidan Tanisha Sullivan, Acacia Aguirre, Matt Cregor, Doktè Freeman-Wisdom, Katherine Grassa, Zena Lum, Rachel Skerritt, ak Rosann Tung.

Manb Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo ki Absan: Samuel Acevedo; Zoe Nagasawa; ak Tamara Waite.

Pèsonèl BPS ki prezan: Monica Roberts, Direktris Elèv yo, Avansman Fanmi ak Kominote; ak Monica Hogan, Direktris Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsablite.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

[Agenda](#)

OUVÈTI SEYANS LAN

Mesye Contompasis te bay sinyal pou ouvri reyinyon an epi te akeyi manm yo, patisipan yo ak konferansye yo.

Madam Parvex te fè apèl telefonik. Tout manm yo te prezan, eksepte Samuel Acevedo; Zoe Nagasawa; ak Tamara Waite. Madam Aguirre te entegre reyinyon an mwens pase yon minit aprè apèl la.

Mesye Contompasis te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan espanyòl, kreyòl ayisyen, kap vè, vyetnamyen, kantonè, mandaren, pòtigè, somali, arab, ak lang siy ameriken (American Sign Language, ASL); entètèprèt yo pral prezante tèt yo epi bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou aksede ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan.

Madam Sullivan te remèsye tout moun poutèt yo te entegre reyinyon an. Li te raple patisipan yo kalandriye reyinyon an epi te deklare ke t'ap genyen divès okazyon pou piblik la temwanye nan tout reyinyon yo. Li te ankouraje tou temwanyaj alekri, epi mete aksan sou enpòtans Gwoup Entèvansyon an kòmanse avèk yon seyans dekout rive nan tande apati de kominote Boston nan.

KÒMANTÈ PIBLIK LAN AN JENERAL

- Anne Dore, paran West Roxbury, te temwanye konsènan kritè adisyonèl yo pou admisyon an.
- Amy Cleaveland-Hudson, paran Charlestown, te temwanye konsènan elajisman pakou admisyon nan 9èm ane.
- Zuping Zhang, rezidan West Roxbury, te temwanye an favè kenbe egzamen an.
- Kathleen Adams, paran West Roxbury, te temwanye an favè kenbe egzamen an.
- Kristin Johnson, paran Jamaica Plain, te pale an favè sispansyon egzamen an.
- Mike Szkolka, rezidan Dorchester ak ansyen elèv Boston Latin School (BLS), te temwanye an favè chanje pwosesis admisyon an.
- Dora Golding, paran Jamaica Plain, te temwanye an favè chanje pwosesis admisyon an.
- Sharon Hinton, rezidan Hyde Park, anseyan, ak avoka kominote a, te temwanye an favè chanje pwosesis admisyon an.
- Sung-Joon Pai, paran Jamaica Plain ak pwofesè BPS, te temwanye an favè chanje pwosesis admisyon an, ak sou enpòtans lekòl wot kalite pou tout moun.
- Karyn Aiello, rezidan Waltham ak ansyen elèv BLS, te temwanye an favè chanje pwosesis admisyon an.
- Travis Marshall, paran Roslindale, te temwanye an favè chanje pwosesis admisyon an.
- Lucia Colombaro, rezidan Dorchester ak ansyen elèv BLS, te temwanye an favè chanje pwosesis admisyon an.
- Celeste Atallah-Gutierrez, paran Roslindale, te temwanye an favè chanje pwosesis admisyon an.
- Leah Wu, paran Charlestown, te temwanye konsènan tès egzamen an.
- Jodie Cen, paran Charlestown, te temwanye an favè kenbe egzamen an.
- Mei Yu, paran Roxbury, te temwanye an favè kenbe egzamen an.
- George Sullivan, paran Roslindale, te temwanye konsènan kalite lekòl pou tout elèv yo.
- Vijay Hedge, paran Jamaica Plain, te temwanye an favè egzamen an.

KÒMANTÈ POU KONKLI

Mesye Gregor te remèsye patisipan yo ak entèprèt yo.

Madam Sullivan te remèsye tout manm yo, ekip BPS la, ak konferansye ki te pataje temwanyaj yo epi te envite piblik la enskri pou kòmantè piblik pou pwochèn reyinyon Madi 16 Mas la.

Madam Sullivan te di menm si pwosesis sa gen potansyèl divize Vil Boston, Ko-Prezidan yo angaje yo pou pa kite sa rive. Li te afime angajman li ak egalite, aksè, ak opòtinite edikatif pou tout timoun yo. Kòm yon lidè, li angaje li pou li enklizif epi akse sou done yo epi atenn yon rezilta inovan ak ekitab pou tout elèv Boston yo, pandan l'ap kenbe rigè ak kalite.

SINEDYE

Nan anviwon 11:25 a.m., Komite a te vote a inanimite, pa yon apèl telefonik, pou repòte reyinyon an.

Ateste:

Lena Parvex
Asistan Administratif